# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–05 अप्रैल 2024** **भोजपुरी समाचार**

लोकसभा चुनाव के दुसरका फेरा बदे काल्हि परचा भरले क कार पूरा हो गइल। आजु येह नामांकन पत्रन क जांचि कइल गइल। आठ अपरैल नांव वापसी क आखिरी तारीख तय कइल गइल हौ। येह फेरा में प्रदेस क आठ सीटिनि–अमरोहा, मेरठ, बागपत, गाजियाबाद, गौतमबुद्धनगर, बुलंदशहर, अलीगढ़ अउर मथुरा बदे छब्बीस अपरैल के ओट डारल जाई अउर ओटे क गिनती चारि जून के होई। मथुरा सीटि से भाजपा ओम्मेदवार के रूप में हेमा मालिनी परचा भरले हइनि। येह सीटि पर बहुजन समाज पारटी के ओरि से सुरेश सिंह अउर कांग्रेस–सपा गठबंधन क ओम्मेदवार मुकेश धनगर के सथहीं कुलि सोरह ओम्मेदवार परचा भरले हवें। मेरठ संसदीय सीटि खातिर भाजपा क ओम्मेदवार अरूण गोविल, बसपा ओम्मेदवार देवव्रत त्यागी अउर सपा ओम्मेदवार सुनीता वर्मा नामांकन दाखिल कइले हवें। अमरोहा संसदीय सीटि बदे कुलि एक्कइस गो ओम्मेदवार परचा भरले रहलें। एहमें से नौ गो ओम्मेदवारन क परचा जांचि के बाद आजु खारिज कइ दिहल गइल। बागपत लोकसभा सीटि बदे सोरह गो ओम्मेदवार परचा जमां कइले हवें। ओहीं, बुलंदशहर सीट पर नामांकन के आखिरी दिन ले दस गो ओम्मेदवार परचा दाखिल कइलें।

**********

लोकसभा क पहिला फेरा के चुनाव बदे चुनाव परचार जोरिया गइल हौ। सज्जो प्रमुख दलन क स्टार परचारक अपने–अपने ओम्मेदवारन के पक्ष में चुनावी जनसभा अउर रैली करत हवें। सीनियर भाजपा नेता अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु राष्ट्रीय लोकदल क अध्यक्ष जयंत चौधरी के साथे बागपत में आयोजित एगो रैली में हिस्सा लिहलें। दुन्नो नेता भाजपा–रालोद गठबंधन क ओम्मेदवार डॉक्टर राजकुमार सागवान के जितवले क मतदाता लोगिन से अपीलि कइलें। भाजपा नेता अउर उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य आजु अमरोहा में आयोजित भइल त्रिदेव बूथ अध्यक्ष सम्मेलन में हिस्सा लिहलें। श्री मौर्य आजु अलीगढ़ में भाजपा ओम्मेदवार के पक्ष में एगो चुनावी सभा के सम्बोधितो कइलें। सपा–कांग्रेस गठबंधन अउर बसपा क सीनियर नेतो अपने–अपने ओम्मेदवारन के पक्ष में चुनावी रैली अउर सभा कइ रहल हवें।

**********

प्रदेस के कई गो जिलन में लोकसभा चुनाव के देखत मतदाता जागरूकता अभियान स्वीप में कई गो कार्यक्रम के जरिया से मतदान प्रतिसत बढ़ावे बदे लोगिन के प्रेरित कइल जा रहल हौ। एके ले के चलावल जा रहल अभियान से स्वयंसेवी संस्था अउर सिक्षण संस्थानों जुड़ि रहल हौ। कौशाम्बी जिला में आजु मेंहदी प्रतियोगिता आयोजित कइ के लोगिन के जागरूक कइल गइल। ओहां जिला निर्वाचन अधिकारी राजेश कुमार राय के निरदेस पर मतदाता जागरूकता के ले के वॉल पेंटिंगो करावल गइल। औरैया जिला में जिला निर्वाचन अधिकारी नेहा प्रकाश के देखिरेखि में कई गो स्कूलन में मतदाता जागरूकता कार्यक्रम आयोजित कइल गइल। येह दौरान मतदाता लोगिन के मतदान क सपथ दियावल गइल। आजमगढ़ जिला में पचास फीसदी से कम मतदान वाला बूथन पर मतदाता जागरूकता बदे चौपाल आयोजित कइल जा रहल हौ। ओहां एके ले के रैली क आयोजनों कइल जा रहल हौ। मथुरा अउर पीलीभीतो से मतदाता जागरूकता खातिर अलगि–अलगि तरह क कार्यक्रम के आयोजन क खबरि हौ।

**********

निर्वाचन आयोग सज्जो राज्य अउर केन्द्रसासित प्रदेसन क मुख्य सचिव अउर पुलिस महानिदेसकन के अवैध सराब, नकदी, मादक पदार्थ अउर हथियारन क आवाजाही रोके खातिर अन्तर्राज्यीय अउर अन्तर्राष्ट्रीय सीमा पर कड़ेर नजरि रखले क निरदेस दिहले हवें। आयोग सान्ती के साथे अउर बिना लालचि के चुनाव सुनिस्चित कइले क निरदेसो दिहले हवें। आयोग कानून व्यवस्था के स्थिति क समीक्षा बदे नई दिल्ली में सज्जो राज्य अउर केन्द्रसासित प्रदेसन के साथे बइठकी कइलस।

**********

निर्वाचन आयोग सोसल मीडिया प्लेटफारम व्हवाट्सऐप पर फइलावल जा रहल ओह भ्रामक सनेसा के फरजी करार दिहले हवे, जेहमें कहल गइल हौ कि सरकारी करमचारी डाक मतपत्र के जरिया से ओट नाहीं डारि सके लें। एगो सोसल मीडिया पोस्ट में आयोग कहले हवे कि चुनाव ड्यूटी पर तैनात पात्र अधिकारी मतदाता सुविधा केन्द्र से डाक मतपत्र के जरिया से ओट डारि सकिहें। आयोग लोगिन से जागरूक रहे अउर फरजी सनेसा से सतर्क रहे के कहले हवे। सही जनकारी बदे लोगिन के आयोग क आधिकारिक वेबसाइट देखे के कहल गइल हौ।

**********

कड़ेर सुरक्षा इंतिजाम के बिच्चे आजु प्रदेस भर में रमजान महिन्ना के आखिरी सुक्क के अलविदा क नमाज़ अदा कइल गइल। जमाज के बादे लोगि देस में सान्ती अउर समृद्धि खातिर दुआ मंगलें। कई सहरन में आजु अलविदा क नमाज के नाते यातायात व्यवस्था बदले के परल। कई गो मस्जिद के लग्गे साफ–सफाई क खास इंतिजाम कइल गइल रहे। मस्जिदन पर नमाजियन क भारी भीड़ि देखल गइल। लखनऊ, कानपुर, वाराणसी, इलाहाबाद, अजोध्या, रायबरेली, फर्रूखाबाद रामपुर, बदायूं अउर गोरखपुर के सथहीं कई गो सहरन में अलगि–अलगि मस्जिदन पर अलविदा क नमाज अदा करे बदे ढेरि संख्या में मुस्लिम समुदाय क लोगि एकट्ठा भइलें।

**********